



American Heart Association®
Cardiovascular-Kidney-Metabolic
Health Initiative™



Poukisa Pwa a Enpòtan pou Sante Jeneral Ou

Pwa a Plis Pase yon Senp Chif

Pwa a pa sèlman fòm kò w oswa gwochè w, li ka afekte:




Tansyon




Glikoz nan San
(sik nan san)



Kolestewòl



Fonksyon
Renal



Dòmi ak Nivo
Enèji

PÈDI 5% JISKA 10% NAN PWA KÒ W KA EDE
Redui risk pou sante epi amelyore sante jeneral la.



Kijan Pwofesyonèl Sante Yo Mezire Sante — Se Pa Sèlman Pwa

Pwofesyonèl swen sante yo ka sèvi ak kèk nan zouti sa yo pou wè kijan pwa a ta ka afekte sante jeneral la:




TÈS SAN:

Verifye kolestewòl ou, sik nan san w, ak sante ren w



BMI (ENDIS MAS KÒPORÈL):

Estime mas grès ki nan kò a pandan y ap itilize wotè ak pwa



ANTESEDAN FAMILYAL:

Jenetik la ka afekte fason kò a estoke grès oswa reyaji sou pwa a



MEZI TAY:

Twòp grès ozalantou tay la ka ogmante risk pou w gen pwoblèm kè ak pwoblèm ren.

Zouti sa yo ka ede w kòmanse yon konvèsasyon ak pwofesyonèl swen sante w la, epi bay yon pi bon imaj sou sante jeneral ou. Ansanm, moun yo ak pwofesyonèl swen sante yo ka fikse objektif ki adapte ak fason yo viv, ak valè yo, ansanm ak sa ki pi enpòtan pou yo.

Konprann pwa a se pa sèlman chif la; se santi w ansante epi se amelyore kalite lavi w. Kòmanse konvèsasyon an ak pwofesyonèl swen sante w la jodi a.

Aprann plis sou heart.org/UnderstandingWeight (sitwèb An anglè)



Lilly se yon esponsò Chanpyon nan Inisyativ Sante Kadyovaskilè, Ren, Metabolik American Heart Association an.